# Зама

**Дала бакъо толайойла!**

**Время**

zama95.ru | gazeta__zama | shali_zama@mail.ru | Газета выходит с 1933г. 28 марта 2023г. № 25 (93219) | Свободная цена

**Муниципальное бюджетное учреждение «Шалинская районная газета «Зама»**


*Поздравление*



# Глава ЧР поздравил работников культуры с профессиональным праздником

25.03.2023 г.

**Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров поздравил министров культуры РФ и ЧР Ольгу Любимову и Айшат Кадырову, а также в их лице всех работников этой сферы с их профессиональным праздником – Днем работников культуры России.**

Сегодня профессиональный праздник отмечают работники культуры. Это люди, которые вносят большой вклад в развитие театров, музеев, вокального и музыкального искусства, чьё творчество, талант и мастерство восхищает и срывает бурные овации во всех уголках мира.

Мне особенно приятно, что целая плеяда работников культуры во главе с министром Айшат Кадыровой на самом высоком уровне трудятся на благо нашего народа. Их благородный труд направлен на сохранение и развитие духовного и культурного наследия, популяризацию традиций и обычаев народа. Поэтому их заслуги признаются на государственном уровне.

«Без культуры нет нации» - с этих мудрых, полных глубокого смысла слов нашего Первого Президента, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова чеченский народ начал путь своего культурного и духовного возрождения. В то время еще предстояло провести титанических объемов работу во всех сферах, в том числе и в области культуры. Нужно было восстанавливать и строить заново разрушенные театры, библиотеки, дома культуры, помочь обездоленным и лишенным последних средств к существованию артистам. Мы с честью справились с этой важной задачей.

В самые тяжёлые времена Ахмат-Хаджи начал процесс активного возрождения театров, библиотек, ансамблей. Он вернул в республику работников Чеченского драматического театра, артистов Государственного ансамбля танца «Вайнах».

Сегодня под профессиональным руководством министра культуры ЧР Айшат Кадыровой эта сфера получила второе дыхание. Работают прекрасные театры, музеи, выставки, библиотеки, галереи, прекрасно развивается вокальное и музыкальное искусство нашего народа. Наши артисты и танцевальные коллективы занимают ведущие места на всероссийских и международных фестивалях.

**Глава Чеченской Республики**
**Рамзан КАДЫРОВ.**

*Собинформ*

## На повестке – вопрос реализации нацпроектов

Вчера глава администрации района И.М. Борщигов провел рабочее совещание со строительным блоком районной администрации, где основным на повестке был вопрос реализации национальных проектов в сфере строительства и ЖКХ.

Предваряя обсуждение, Иса Мусаевич подчеркнул, что вопросы воплощения в жизнь значимых нацпроектов в строительной сфере и ЖКХ находятся на постоянном контроле у Главы Чеченской Республики, Героя России Р.А. Кадырова и потому администрация района уделяет им первостепенное внимание.

В свою очередь, заместитель главы администрации района по архитектуре и градостроительству Руслан Джукаев подробно информировал участников форума о выполнении основных показателей нацпроектов.

На совещании также затронули вопросы, связанные с реализацией на территории Шалинского района федеральной программы «Социальная газификация» (догазификация).

## Строительство идет в рамках графика

На днях глава администрации района И.М. Борщигов с рабочей инспекцией побывал на строительной площадке на западной окраине города Шали. Здесь в рамках исполнения протокольного поручения Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова ведутся работы по строительству комплекса административных зданий.

Иса Мусаевич в целом остался доволен объемом и качеством выполненных строительных работ. Он убедился, что все работы ведутся в строгом соответствии с графиком и современными стандартами качества.

## Продолжаются субботники

В Шалинском муниципальном районе повсеместно продолжаются массовые субботники по благоустройству и санитарной очистке территорий, в том числе придорожных зон и лесополос.

Общими усилиями неравнодушных граждан и работников учреждений в сельских поселениях Белгатой и Чири-Юрт активными темпами проводятся работы по вырубке засохших деревьев, побелке деревьев, столбов и покраске заборов.

Глава администрации района Иса Борщигов в своем телеграм-канале выразил благодарность всем, кто принимает участие в этом богоугодном деле и призвал всех жителей и гостей нашего района соблюдать чистоту и порядок.

*Хилам*

# Нохчийн халкъо 20 шо хьалха бинарг исторически харжам бара

**Х1окху бекарг беттан (март) 23-чу дийнахь, Нохчийн Республикин Конституци тІеэцаран хьокъехь референдум дІайаьхьна 20 шо кхечи.**

Вайн халкъан керлачу исторехь шатайпа меттиг дІалоцуш де ду иза. Цу дийнахь нохчийн халкъо шен харжам бина, ша машаре некъ а хоржу, адамашна синтем а, паргІато а хуьлуьйту сацам а бо аьлла. Вайна дагайогІу и хан: тІамо йохийна, хІаллакйина гІаланаш, йарташ; доьхна, даьржина лела адам; махках бевлларш; шайн бераш дайъича, хеназа къанбелла, тишбелла дай-наной; байлахь дисина бераш; къизалла; дийнахь а, буса а боцу синтем – оцу дерригено а халкъ хьере динера, холчухІоттийнера.

Иштта ирча а, Іазапе а йара и зама. Адамна машар безара, массо а садоьІучу синна хІаваъ санна. ХІора шаьш дечу ламазна тІехь махкана, халкъана паргІато а, машар а боьхура наха. Делан дикане сатуьйсура цара. Іазапехь доккху хІора де беза а, лан ца лун мохь хуьлий, дог1ура нахана.

Цу хьокъехь дийцира нохчийн халкъо референдумехь НР-н Конституци т1еэцна 20 шо кхачарна лерина Шелан к1оштан культурин Ц1ийнехь кху деношкахь д1айехьначу мероприятехь ша динчу къамелехь «Зама» газетан коьртачу редактора, йаздархочо Муцураев Олхазара. Кхид1а цо злира:

– Синтем а, паргІато а Делера йу, Цуьнан орца кхечира нохчийн халкъе махкахь вевзаш волчу Іеламстагехула – иза вара Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Цо хаьттира нахе: «Вай хІун до кхидІа?» – аьлла. Ша Іеламстаг хиларе терра, цунна хаьара, хІоьттина хьал муха дерзо деза. Халкъана машар лахар уггаре а коьрта гІуллакх лорура цо. Иштта Ахьмад-Хьаьжас машаре некъ кховдийра нахе. Халкъ цунах тийшира, хІунда аьлча нахана хаьара иза шайн дуьхьа араваьлла вуйла. Халкъаца барт а хилла, референдум йан сацам хилира Ахьмад-Хьаьжас куьйгалла дечу республикин правительствон.

Халкъана йукъахь дукха террористаш а, сепаратисташ а бу, цара референдум ма-хетта йойтур йац, хІинца а хьалхе ду иза йан бохуш, цхьацца политикаш а, йукъараллин гІуллакххой а бара, Ахьмад-Хьаьжа цу гІуллакха тІера вухаваккха гІерташ. Амма иза шен халкъах тешара, цунна хаьара, нохчий, мостагІех кхерабелла, йухабевр боцийла. Референдум бекарг беттан (март) 23-чу дийнахь йийр йу аьлла, халкъе дІакхайкхийра.

*(Чаккхе йеша 2-чу аг1онехь)*



*Дала иманехь нисдойла вай!*

# Мархийн бутт

**1еламнаха боху: Мархийн бутт Дала Мухьаммад-Пайхамаран (С.1.В)) умматана совг1атана белла бу. 11 баттачохь бусалба нахера йевллачу ледарлонашна, сакхташна, хууш а, ца хууш а летийначу къиношна царна гечдайта, уьш к1елхьарабаха, царна дина совг1ат ду Рамадан бутт.**

1еламстага Ахматов Мохьмада дуьйцу: Мухьаммад-Пайхамара (С.1.В.) аьлла: «Воккха декъал хилла-кх и стаг, нагахь кхачам боллуш х1окху Рамадан беттан лерам, хьурмат дина велахь. И Рамадан бутт Сийлахьчу Дала къинхетам беш болу, гечдеш болу бутт болун дела кху баттачохь, вала веззачу кепара, летийначу къиношна хьо дохковалар хьан дагчу иккхинехь. Х1ара мархийн бутт т1ебог1учу заманчохь хазахеташ воккхавийначух, цунах кхаъ хиллачу стеган дег1ана жоьжаг1ате хьарам йина аьлла.

Мархийн беттан хьалхара буьйса т1ейеъча, сийлахь волчу Аллах1-Дала олу, аьлла: «Мила ву тхо дезарг? Тхуна иза а везар ма ву. Мила ву тхо лоьхуш верг? Оха иза а лохур ма ву. Мила ву тхоьга гечдар доьхуш верг? Оха цунна гечдийр ма ду х1окху мархийн беттан лерамна, хьурматана».

Дика а, вуон а д1айаздеш долчу маликашка Дала омра до: «Х1окху мархийн баттачохь церан диканиш д1айазде, церан вуониш д1а ма йазде. Церан къинош дагаде, д1адаханчу къиношна геч а де», аьлла.

Йуха а боху вайн Пайхамара (С.1.В.): «Шен умматана х1окху мархийн баттах дерг, кхуьнан дозалла, хьурмат хаахьарий, х1ара беттанаш шадерш а делира мархийн беттанаш аьлла, хетар дара-кх».

Бусалба нехан диканиш т1егулдеш болу, цара Далла дина долу диканиш къобалдеш болу, цара дина долу до1анашна Дала жоп луш болу, къиношна гечдеш болу, йалсамане царна йоккхуш болу бутт бу иза.

Г1енах йалсамане йайра шена, - йуха а боху Пайхамара (С.1. В.), - йалсаманина йистехь хин татол дайра шена, цу йистехь хевшина 1аш нах байра шена. Йалсамане чуьра арадолу а и татол а «яхонт» олучу т1улгех дина хиллера. Оцу нехан йаххьаш, малхах тера горгйелла, нуьре йара. Далла хастам бинчех ду хьуна тхо, оцу мархийн беттан каламат динчех ду хьуна тхо, мархийн бутт кхаьбнарш ду хьуна тхо, ламазаш деш хиллачех ду хьуна тхо, аьлла цара. Иштта билгалбевр бу аьлла ду уьш.

1умар-Асхьаба аьлла, вайн Пайхамара (С.1.В.) аьллера аьлла: «Оцу мархийн баттачохь буьйсанна набарна таь1на волу стаг самаваьллачул т1аьхьа, иза меттахваьлла ха хорцуш волчу заманчохь малико: «Хьоьх Дала къинхетам бариг» - аьлла бен ха хорцур дац аьлла. Хьалаг1оттучу хенахь: «Дала беркат дойла. Дала къинхетам бойла» малико аьлла бен г1оттур вац». Ламаз дан нигат долуш иза хьалаг1аттахь, и т1етевжаш волчу матто до1а ма до цунна, аьлла. «Х1ай Везан Дела, йалсаманехь айъ-ина болчу маттех мотт лолахь х1окху стагана».

Цо бедар т1ейухучу хенахь, оцу бедаро, Везан Дела, йалсаманин духар лолахь кху стагана, аьлла до1а дина бен т1ейухур ма йац, аьлла.

Цо ши мача т1ейухучу заманчохь: Х1ай Везан Дела, х1окху къонахчун ши ког цу халчу т1ай т1ехь маьрша дехьа балийталахь, аьлла, шина мачано до1а диний бен, цо уьш т1ейухур ма йац.

Марха лоцуш, марха достуш лелош йолчу пхьег1ано до1а дийр ду: «Х1ай Везан Дела, йалсамани чохь йолчу пхьег1анех пхьег1аш лолахь кхунна», аьлла.

Ламаз оьцуш лелош долчу хино до1а дийр ду: Х1ай Везан Дела, кхуьнан къинош, ледарлонаш, сакхташ кху хица д1адаха ахь кхуьнан дег1а т1ера, аьлла.

Иза ламазана хьалаг1аьттича ц1ийно до1а дийр ду: кхуьнан кошана шорто йелахь, кхуьнан кошан лахьта шорделахь, къинхетам собаккхалахь кхунах, аьлла.

Цул т1аьхьа Дела цуьнга къинхетамца бен хьожур ма вац, аьлла-кх.

Делан лайно мархийн баттачохь до1а дечу заманчохь: «До1а дар хьоьгахь ду хьуна, цунна жоп далар тхоьгахь ду хьуна», - олу Дала. - «Дехар хьоьгахь ду хьуна, цунах кхачамбар тхоьгахь ду хьуна. Мархийн баттачохь динчу до1ийна Дала жоп луш ду. Гечдар дехар хьоьгахь ду, хьуна гечдар тхоьгахь ду», бах Цо.

Пайхамара (С.1.В.) боху: «Къематан дийнахь и мархийн бутт буссур ма бу цхьана хазачу суьртехь. Далла хьалха гор х1уттур бу иза. Т1аккха Дала эр ду цу Рамадан батте: «Схьаэца хьайн хьаштт, хьайн хьакъ схьаэца хьайна деззачул», аьлла.

Мархийн батто шена чохь 1амал йина болу нах, шен лерам бина болу нах, шена чохь Делан дуьхьа меца 1ийна болу нах, шайн меттанаш Дела реза воцчу х1умнах лар а беш, 1уьйкъана г1иттина болу, ламазаш дина болу нах, къинт1ера ваккха везарг къинт1ера воккхуш, Деле до1анаш деш, Къуръан доьшуш, и дерриг лела а деш шена чохь кхьегна болу нах, з1акардаьхнино лаьттара к1ен буьртигаш лахьадар санна схьа а лехьош, Дала цунна совг1атна д1алур бу, аьлла. Т1аккха мархийн батто шеца Йалсамане чу буьгур бу, аьлла, уьш.

Х1ара мархийн бутт т1ебог1уш Дала шайт1анаш буржалш тухий д1адоьхку, бах. Жоьжаг1ате не1арш д1а а къовлий, Йалсамане не1арш схьайоьлла. Кху баттачохь мел дина дика шен чоьте д1а а оьцуш, къинхетам беш болу бутт бу х1ара. Х1ара бутт т1ебарах воккхавеш, самукъадолуш, цуьнан хьурмат дан г1ерташ хила веза массо а бусалба стаг.

Вайн Пайхамара (С.1.В.) аьлла: «Шина бодана дуьхьал ши нур хир ду. Коша 1азап бода, къематдийнан бода а бу. Оцу шина бодана дуьхьал ши нур ду, и шиъ эшош х1оттийна Къуръан а, рамадан бутт а». Цундела, х1ара бутт т1ебеъча нахаца мелла а к1еда-мерза мотт лебар т1ехь ду, марха ца кхабалуш цамгарца волчо шена т1ера сахь даккха декхар ду.

Бусалба нахе кхайкхам бу, оцу баттачохь жама1атехь ламазаш алсам дар. Х1унда аьлча, пхьуьйра ламаз жама1атехь дина волчу стагана эха дийнахь Делан динехь д1а а х1оьттина 1ибадат дича санна йал ло. 1уьйра-ламаз жама1атехь динчунна – дерриг дийнахь ирахь 1ибадат дича санна йал ло. Къаьсттина, мархийн баттачохь деш дерш эзарза сов долуш, эзарза Далла гергахь сийлахь а долуш ду. Беркате хан йу иза. Меца 1ар – марха кхабар дац. Цуьнца (гайца) мотт а ларбе, аьлла вайн Пайхамара (С.1.В.) – г1ийбат ца деш, мотт-эладита ца лелош, къаьхьа дош ца олуш, нахана йуккъе мостаг1алла дужа долу, питане дош ца олуш. Цхьана гайне кхабийтарх тоьаш дац бах Пайхамара (С.1.В.), цуьнца цхьаьна б1аьрго а, лерго а, матто а, ойланца а, хьекъалца а кхаба деза. Дерриг дег1 ду дакъалаца дезаш.

Дала марханиш кхаба а, даста а могашалла а, ницкъ а лойла массо а бусалба стагана.

*Д1айаздинарг –*
***С. АБУБАКАРОВ.***

*2023-г1а шо – хьехархочун а, хьехамчин а Шо*

# «...Тхан школин ден метта ву иза»

**Берсаев Руслан вина Сибрехахь, Кзыл-Орда–г1алахь 1960-чу шарахь.Цул т1аьхьа кхо шо даьлча кхеран доьзал Нохчийчу ц1абоьрзу. 1970 -чу шарахь, Русланан да Хьамзат ток тухий,кхелха. Хьамзатан ворх1 доьзалхочух - виъ (2 к1ант, 2 йо1) Кзыл-Ордахь кхелхина хуьлу. Ши йо1 (Марха, Полла), цхьа ваша Руслан, кегий болуш да воцуш, ненаца буьсу. Ненан а, шина йишин дола а деш, доьзалехь ден метта а хилла, лела дийзира Русланан. Нана Асмаъ, ц1ера Эвтарара йолу, 2018-чу шарахь, шен 93 шо долуш кхелхина.**



1967-чу шарахь барх1шеран школе (х1инца № 6 йолу) деша а вахана, иза чекх а йаьккхина, 9-,10-чу классашкахь Шеларчу №1 йолчу йуккъерачу школехь доьшу цо.

1977-чу шарахь школа йаьккхина ваьлча, лакхарчу дешаре ваха аьтто а ца хилла, нене къа ца хьегийта, балха вахара. Цул т1аьхьа шина шарахь эскарехь декхарш кхочушдеш вара иза.

Йоккхах йолу йиша Марха Нохч-Г1алг1айн пачхьалкхан университетехь доьшуш йара. Жимахйолу Полла Орджоникидзе г1алахь (х1инца Владикавказ) лоьрийн институтехь доьшуш йара. Армера ц1а веъча, нана балхара д1а а йалийтина (иза школехь техника болх беш йара), шен йижаршка деша а доьшуьйтур ду аьлла, ша делла дош кхочушдеш, ц1ийнан дукъ т1е а лаьцна, къахьега волавелира. Ша даьккхина сом нене д1алора Руслана.

1993-чу шарахь шен доьзал кхоьллира цо. Ворх1 бер (5 к1ант, ши йо1) ду цуьнан доьзалехь. Йоккхах йолу йо1 Бирлант лоьрийн институт, ординатура йаьккхина, зударийн лоьран болх беш йу, нехан ц1ент1ехь а йолуш. Шолг1аниг – Седа – Нохчийн пачхьалкхан университет чекхйоккхуш йу. Цуьнан доьзалехь ши к1ант, цхьа йо1 ду. Кхозлаг1ниг – Силаъ, Соьлжа-г1алара хьехархойн университет ц1ечу дипломаца чекх а йаьккхина, магистратурехь доьшуш а йолуш, цигахь хьехархочун болх беш йу. Тайп-тайпанарчу къийсадаларшкахь даьхна дуккха дипломаш ду Силаан, Ерригроссин конкурсехь йаьккхина шолг1а меттиг а йу цуьнан.

Йоьалг1аниг – Раяна колледж йаьккхина а йаьлла, х1инца Соьлжа-г1аларчу мехкадаьттан техническин университетехь «Экономика и управление» факультетехь доьшуш йу. Пхоьалг1аниг – Мохьмад-Эми г1ишлошйаран колледж чекх а йаьккхина, Соьлжа-г1аларчу мехкадаьттан университетехь хьалхарчу курсехь доьшуш ву.

Цул жимахволу 1абдурахьман мехкадаьттан технически университетан колледжехь доьшуш ву. Иза чекхйаьккхина ваьлча, цу университетехь хьалхарчу курсехь доьшуш хир ву. Уггар жимахйолу йо1 Иман 5 классехь доьшуш йу.

Шен г1уллакх цхьажимма аттадаьлча, 1989-чу шарахь Соьлжа-г1аларчу мехкадаьттан институте (х1инца технически университет) заочно деша а вахана, инженер-механикан говзалла а йолуш, кхиамца чекхйаьккхира. Транспортан министерствехь Соьлжа-г1аларчу ГПАП-2 директор а х1оттийна, цхьана шарахь эха шарахь болх бира, цул т1аьхьа пачхьалкхан организацийн, предприятийн финансийн, бахаман талламаш бечу комиссешкахь куьйгалхо а волуш белхаш бира.

1991 -1992-чу шерашкахь №6 йолчу школин дайн-нанойн комитет вовшах а тоьхна, 22 шарахь куьйгалхо а волуш, йукъараллин болх бира цо.Школехь рог1ехь буьйсанаш а йохуш, вуолелаш долу бераш д1а а лоьхкуш, керт лар а йеш, низам д1ах1оттийра. 1994-1995-чу шерашкахь, боьдуш т1ом а болуш, школера подвал ц1ан а йина, чу ток а йалийна, маьнгеш а дина, бомбанех ларло чохь а йина, дукха адам цу чохь буьйсанаш йохуш хиллера.

2021-чу шарахь керла дешаран мур болалуш, Шеларчу №6 йолчу школин директора Гаплаева Зулайс балха д1ах1оттахьара хьо, тхуна накъост эшара, аьлла, кхетош-кхиоран хьехархо вахара Р.Х. Берсаев.

Цо шен коьрта декхар цу балха т1ехь лоруш ду нохчийн 1адаташ, г1иллакхаш, дай-наной ларар. Иштта Къуръанан айаташца т1еч1аг1деш, до1а дан, мовладан арканаш 1амор, вовшашка ларам бар, зударий, мехкарий ларар.

- Вайн тахана беш берг Нохчийн Республикин Мехк-Дас йукъайаьккхинчу кхетош-кхиоран а, нравственни а Концепцина т1ебоьг1на болх бу, - дуьйцу Хьамзатан Руслана. - Нохчийн г1иллакхаш, 1адаташ бусалба динца дог1уш хилар гойтуш. Шаьш бусалба а долуш, нохчий хилар берашна чудилла г1ерта со. Сайн цу т1ехь дика кхиамаш хиллла аьлла а хета суна. Бераш дукха а хийцаделла го.

Балха д1ах1оьттина кхо бутт а кхачале, аттестаци йолуш, Шелан к1оштан дешаран отделан ц1арах дика болх барна «Баркаллин кехат» делира цунна. Д1адаханчу к1ирнах хиллачу аттестацехь Руслана, цхьа а г1алат доцуш, цу йукъахь долчу 15 хаттарна жоьпаш делира.

Ала дашна, Руслана 25 шо хьалха Бисултанов Хьадж-Бекин ц1арахчу хьуьжаран директор волчу Патаев Ахьмадан куьйгаллийца, Къуръан 1амийра. Иза гочдан а хууш, дуккха а жайнаш дешна, диканна-вонна йукъах1отта говзалла а, 1илма а долуш ву иза тахана. Школехь хуьлучу дар-дацарна, шайн куьпахь зуда йалайарна, йахийтарна,тезетана хьалха а волий, д1адерзош йукъараллин жигархо ву иза.

- Берсаев Руслана тхан школица гергарло лелон дукха хан йу,– дуьйцу школин директора Гаплаева Зулайс, - 22 шарахь алапа а доцуш, дийнахь а буьйсанна а, оьшучу г1уллакхана схьавог1уш,берийн девнаш д1адерзош, хьехархошна динца а, нохчийн 1адаташца долчу хеттаршна жоьпаш луш, лаьтташ вара Руслан.Тхан аьтто ма белли, оха алапа луш болчу балха схьаэцна иза. Иза д1ах1оьттичьхьана бераш дуккха а, г1иллакхца, хьехархой ларарца, вовшен ларамбарца, къамелаца, дикачу аг1ор хийцабелла. Руслана берийн дай-наноща а болх бо. Шен боккха доьзал а кхиийна волчу, цунна дика хаьа берашна бан безаш болу хьехам, ламазан, мархин, кхидолу г1иллакхаш. Дай-наноша а ч1ог1а резахиларца хьахаво иза. Школин ц1арах мичхьа д1аваьхча, йуьхьк1ам болуш г1уллакх чекхдоккхий, йухавоьрзу иза. Тхан «школин да» ву ала мегардолуш ву Р.Х. Берсаев.

***А. СУЛЕЙМАНОВ.***

**Суьрта т1ехь:** Р.Х. Берсаев.

# Нохчийн халкъо 20 шо хьалха бинарг исторически харжам бара

*(Чаккхе.
Йуьхь йеша 1-чу аг1онехь)*

Хьал чIогIа чолхе дара, хIора дийнахь бохург санна, цхьаъ вийна, важа вайна, кхозлагIниг вадийна бохуш, ирча кхаьънаш дара хезаш. Кест-кеста лелхарш хуьлура, адамаш идадора, хьехархой, Iедалан белхахой, динан гIуллакххой бойура. Нахехь йоккха гIело йара, цундела массо а и ирча хьал сихха дIадаккха, хийца лууш вара. Референдум йийр йу аьлча, нехан цхьа дегайовхо кхолла-йелира, царна цигахь дакъалаца лиира.

Вайн махкарчу массо г1аланашкахь, йарташкахь, иштта Шела-г1алахь а, йерриге к1оштахь а кхиамца д1айаьхьира референдум. Оцу дийнахь вуно дукха нах баьхкира шайн харжам бан, уьш 89 процентал сов бара. Царех Нохчийн Республикин Конституци т1еэцарехьа кхаж теснарш 95,97 процент бара.

Х1орш Центральни харжаман комиссис и референдум чекхйаьллачул т1аьхьа жам1аш а дина, д1акхайкхийна терахьаш ду.

20 шо кхечи нохчийн халкъо шен исторически харжам бина. И харжам нийса а, тIаьхьало йолуш а хиларан жамIаш тахана вайна гуш ду: вай машаречу махкахь деха, вайн республика, де-дийне мел дели, кхуьуш, хазлуш схьайогIуш йу МехкДен Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзанан куьйгаллица.

Мероприяти д1ахьош болчу Шелан культурин Ц1ийнан белхахочо Ахмадов Турпал-Хана а, Шела г1алин №11 йолчу йуккъерачу школин хьехархочо Тарамова Иманис а д1акхайкхорца, дешархоша а, культурин белхахоша а стихаш йоьшуш, эшарш локхуш, концертан программа гайтира мероприятин дакъалацархошна.

***М. АЛХАНОВ.***

*Хорошая новость!*

# Украсили улицу в честь месяца Рамадан

Наступление священного месяца Рамадан у чеченцев до сих пор сопровождалось выстрелами из ружей и раздачей милостыни. В некоторых мусульманских странах даже палят из пушек.

Жители улицы имени Али Митаева села Автуры преумножили традиции встречи исламского месяца поста. 22 марта они развесили по всей улице разноцветные шары и ленты, установили на арках газовых труб баннеры, извещающие о наступлении священного месяца Рамадан.

Кроме того, владельцы домов привели в порядок придорожные территории, вскопали канавки для утечки воды и убрали мусор.

Улица Али Митаева почитаема в селе Автуры. В ее начале расположен зиярт Баматгирей-Хаджи, а в конце находится зиярт Маты. Улица асфальтирована, есть здесь и фонарное освещение. Еще она ведет к местному кладбищу.

Вечером перед наступлением месяца Рамадан все жители вышли на улицу, чтобы приветствовать его наступление и поздравить друг друга. Они надеются, что их примеру последуют и жители других улиц.

***Д. МАГОМАДОВ***

## РЕШЕНИЕ
## Совета депутатов Шалинского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва

от 10 марта 2023г. № 11 г. Шали

***О внесении изменений в порядок формирования и использования ассигнований дорожного фонда Шалинского муниципального района***

В соответствии со статьей 15 Федерального закона от 06 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», статьей 7 Устава Шалинского муниципального района, в целях повышения эффективности использования бюджетных средств и качества управления муниципальными финансами Шалинского муниципального района, Совет депутатов Шалинского муниципального района

РЕШИЛ:

1. Внести в порядок формирования и использования ассигнований дорожного фонда Шалинского муниципального района следующие изменения:

1. Объем бюджетных ассигнований дорожного фонда Шалинского муниципального района:

1) подлежит увеличению в текущем финансовом году и (или) очередном финансовом году на положительную разницу между фактически поступившим и прогнозировавшимся объемом доходов бюджета Шалинского муниципального района, учитываемых при формировании дорожного фонда Шалинского муниципального района;

2) может быть уменьшен в текущем финансовом году и (или) очередном финансовом году на отрицательную разницу между фактически поступившим и прогнозировавшимся объемом доходов бюджета Шалинского муниципального района, учитываемых при формировании дорожного фонда Шалинского муниципального района.

2. Бюджетные ассигнования дорожного фонда Шалинского муниципального района, не использованные в текущем финансовом году, направляются на увеличение объема бюджетных ассигнований дорожного фонда Шалинского муниципального района в очередном финансовом году.

3. Решение вступает в силу после его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 января 2023 года.

**Глава Шалинского муниципального района И.Ш. ЭДИЕВ**

## Р Е Ш Е Н И Е
## Совета депутатов Шалинского городского поселения Шалинского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва

от 13 марта 2023г. № 08 г. Шали

***О переименовании улицы Восточная на улицу им. Н.У. Усманова***

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», с разделом 4 Постановления Правительства Российской Федерации от 22 мая 2015 года № 492 »О составе сведений об адресах, размещаемых в государственном адресном реестре, порядке межведомственного информационного взаимодействия при ведении государственного адресного реестра, о внесении изменений и признании утратившими силу некоторых актов Правительства Российской Федерации«, Уставом Шалинского городского поселения, на основании письма мэрии Шалинского городского поселения от 02 марта 2023г. № 04-33/123, в целях увековечения памяти ветерана Великой Отечественной Войны Усманова Нажи Усмановича, Совет депутатов Шалинского городского поселения **решил:**

1. Переименовать улицу Восточная на улицу имени Усманова Нажи Усмановича, без изменений существующей нумерации домов.

2. Внести в Реестр улиц Шалинского городского поселения, утвержденный Решением Совета депутатов Шалинского городского поселения от 05 июля 2022 года № 24 изменения, заменив в позиции 110 слова «Восточная» словами «Н.У. Усманова».

3. Поручить мэру Шалинского городского поселения провести комплекс соответствующих мероприятий, необходимых для качественного исполнения данного решения.

4. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Зама».

**Глава Шалинского городского поселения И.С. БАЧАЕВ**

## Р Е Ш Е Н И Е
## Совета депутатов Шалинского городского поселения Шалинского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва

от 13 марта 2023г. № 09 г. Шали

***О присвоении названий вновь образованным улицам и переулкам, расположенным на юго-восточной окраине Шалинского городского поселения***

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», с разделом 4 Постановления Правительства Российской Федерации от 22 мая 2015 года № 492 » О составе сведений об адресах, размещаемых в государственном адресном реестре, порядке межведомственного информационного взаимодействия при ведении государственного адресного реестра, о внесении изменений и признании утратившими силу некоторых актов Правительства Российской Федерации«, Уставом Шалинского городского поселения, на основании письма мэрии Шалинского городского поселения от 03 марта 2023г. № 04-33/126, в целях увековечения памяти погибших сотрудников в СВО, Совет депутатов Шалинского городского поселения **решил:**

1.Утвердить:

1.1 Перечень с новыми названиями улиц и переулков на территории Шалинского городского поселения (приложение 1).

1.2. План-схему с обозначением новых названий улиц и переулков на территории Шалинского городского поселения (приложение 2).

2. Внести в Реестр улиц Шалинского городского поселения, утвержденный Решением Совета депутатов Шалинского городского поселения от 05 июля 2022 года № 24 изменения, добавив позиции 532, 533, 534, 535, 536, 537, 538, 539, 540, 541, 542, 543, 544, 545, 546, 547, 548, 549, 550.

3. Поручить мэру Шалинского городского поселения провести комплекс соответствующих мероприятий, необходимых для качественного исполнения данного решения.

4. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Зама».

**Глава Шалинского городского поселения И.С. БАЧАЕВ**

## Р Е Ш Е Н И Е
## Совета депутатов Шалинского городского поселения Шалинского муниципального района Чеченской Республики четвертого созыва

от 13 марта 2023г. № 10 г. Шали

***О присвоении названий вновь образованным переулкам, расположенным на северо-западной окраине Шалинского городского поселения***

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», с разделом 4 Постановления Правительства Российской Федерации от 22 мая 2015 года №492 »О составе сведений об адресах, размещаемых в государственном адресном реестре, порядке межведомственного информационного взаимодействия при ведении государственного адресного реестра, о внесении изменений и признании утратившими силу некоторых актов Правительства Российской Федерации«, Уставом Шалинского городского поселения, на основании письма мэрии Шалинского городского поселения от 03 марта 2023г. № 04-33/127, Совет депутатов Шалинского городского поселения **решил:**

1.Утвердить:

1.1 Перечень с новыми названиями переулков на территории Шалинского городского поселения (приложение 1).

1.2. План-схему с обозначением новых названий переулков на территории Шалинского городского поселения (приложение 2).

2. Признать утратившим силу решение Совета депутатов Шалинского городского поселения от 04.02.2022г № 01 «О присвоении названий вновь образованным улицам, расположенным на Северо-Западной окраине Шалинского городского поселения».

3. Внести в Реестр улиц Шалинского городского поселения, утвержденный Решением Совета депутатов Шалинского городского поселения от 05 июля 2022 года № 24 изменения, добавив позиции 551, 552, 553, 554, 555.

4. Поручить мэру Шалинского городского поселения провести комплекс соответствующих мероприятий, необходимых для качественного исполнения данного решения.

5. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Зама».

**Глава Шалинского городского поселения И.С. БАЧАЕВ**

## Р Е Ш Е Н И Е
